

Year 1 Igipimo c'Ubumenyi mu Biharuro

Inkuru ku bavyeyi n'abarezi



Igipimo c'Ubumenyi mu Biharuro Year 1 ni iki?

Igipimo c'Ubumenyi mu Biharuro Year 1 (Year 1 Number Screening Check) ni isuzumwa rigufi rikorwa muri reta yose kimenyeshya abigisha iterambere rya mbere ry'umwana wawe mu bukerebutsi mu biharuro. Iryo suzumwa rigenzura uko umwana wawe abona, atondeka, aharûra, agereranya, hamwe n'ingene ateranya akanakuramwo ibiharuro.

Umwana wawe azokwicarana n'umwigisha maze abazwe ibibazo nka 30. Iryo suzumwa rimara iminuta iri hagati ya **10 na 15**. Ico gipimo citwa Year 1 Number Screening Check kiritondewe neza ngo ntigiteze umwana wawe uruhagararâ. Umwana wawe bimugoye, umwigisha azoca ahagarika iryo suzumwa.

Intumbero nkuru y'iryo suzumwa ryitwa Year 1 Number Screening Check ni ukumenyeshya umwigisha w'umwana wawe amakuru azomufasha gutegura ukwiga kw'umwana wawe. Abana bose bo muri Year 1 bazosuzumwa n'umwigisha.

Hamagara kw'ishure ni waba ufise ibibazo ivyo ari vyo vyose vyerekeye Year 1 Number Screening Check.

Ubukerebutsi mu biharuro ni iki?

Ubukerebutsi mu biharuro ni ugushobora gutahura, kwimenyereza no gukora ibiharuro neza ngo agire uruhâra mu buzima bw'imisi yose no mu buryo atahura isi. Abana bamwebamwe ubukerebutsi mu biharuro burabagora, rero ni ngirakamaro ko abana nk'abo bamenyekana kare. Gutyo, abigisha bashobora gutegura kubafasha uko bikenewe.

Ni kuki ubukerebutsi mu biharuro ari ngirakamaro?

Urufatiro rwiza mu bukerebutsi mu biharuro rufasha umwana wawe gutahura ibiharuro bigoye kurushiriza mu myaka ikurikira y'amashure matomato no mu yisumbuye.

Ugufashwa mu gusobanurirwa

Ukeneye umusobanuzi w'ururimi mu guhamagara kw'ishure, igore uhamagare ku numero 131 450, uzobwire umuhinga azokwitaba ururimi ukeneye maze umusabe kuguhamagarira kw'ishure. Uwo muhinga azokuronkera umusobanuzi ikibiriraho, agufashe mu kiyago. Ntuzorihishwa kubwo ubwo bufasha.